



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 484 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
BRIDGE NY LA POU REPAIRE AK RANPLASE PON AK KANIVO LOKAL YO**

Bay finansman pou 216 pwojè nan 137 kominote atravè New York

*Pwogram lan sipòte efò pou solidifye enfrastrikti enpòtan ak fè kominote lokal yo
vin pi rezistan kont enpak chanjman klimatik yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a prim plis pase 484 milyon dola nan asistans ranfòse pou 137 gouvènman lokal atravè Eta a pou repare epi ranplase pon ak kanivo, ki ranfòse sekirite ak sipòte rezistans ak dirabilite enfrastrikti transpò vital New York. Finansman sa a, ki ofri atravè inisyativ BRIDGE NY Eta a avèk sipò enpòtan nan Pwogram Federal Bridge Formula, pral sipòte 216 pwojè endividyèl, epi li pral ede gouvènman lokal yo nan chak rejyon nan Eta a ranfòse enfrastrikti ki egziste deja yo pou yo pi byen sipòte evènman move tan yo epi kenbe tèt ak enpak chanjman nan klima. Inisyativ BRIDGE NY Eta a sipòte pwojè ki pral redui risk diminye risk inondasyon yo ak amelyore rezistans estrikti yo, pandan l ap fasilite tou konpetitivite ekonomik rejyonal ak priyore pwojè ki benefisye kominote jistis anviwònmanal yo.

"Pandan New York ap kontinye fè eksperyans efè chanjman klimatik yo dirèkteman, nou bezwen fè amelyorasyon nan enfrastrikti ki enpòtan pou kominote nou yo ka reziste ak move tan k ap vini," **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap travay nan tèt kole ak gouvènman lokal yo, n ap envesti plizyè milyon pou ranfòse plis pase 200 pon ak kanivo atravè Eta a, amelyore sekirite piblik epi fè estrikti sa yo pare pou kèlkeswa sa manman lanati ka voye sou nou."

Anons jodi a baze sou plis pase 1.23 milya dola yo te deja bay gouvènman lokal yo nan kad inisyativ BRIDGE NY la. Nan kad plan kapital ak istorik 33 milya dola Eta a ke yo te adopte an 2022 a, yo te angaje 1 milya dola nan BRIDGE NY, sa ki double toutbon gwosè pwogram nan. Yo te chwazi prim yo anonse jodi a dapre opinyon Òganizasyon Planifikasyon Rejyonal ak Metwopoliten (Regional and Metropolitan Planning Organizations) yo epi finansman an pral sipòte tout faz livrezon pwojè a, ki gen ladan konsepsyon, akizasyon dwa pasaj ak konstriksyon.

Pwen fò Prim BRIDGE NY yo enkli:

- **Rejyon Kapital (43.1 milyon dola)** - 4.750 milyon dola pou Konte Albany pou ranplasman sipè-estrikti pon Route South Albany sou Onesquethaw Creek.
- **Rejyon Sant New York (37.5 milyon dola)** - 2.569 milyon dola pou Konte Cayuga pou ranplasman pon North Division Street sou Owasco Outlet.
- **Rejyon Finger Lakes (46.4 milyon dola)** - 5 milyon dola pou Konte Monroe pou ranplasman pon Turk Hill Road la sou Thomas Creek.
- **Rejyon Mid-Hudson (63.5 milyon dola)** - 5 milyon dola chak pou Vilaj/Vil Mount Kisco pou ranplasman pon Preston Way sou Liy Metro-North Railroad Harlem; Depatman Travay Piblik Konte Orange pou ranplasman pon Sterling Lake Road sou Ringwood River ak Depatman Travay Piblik Konte Ulster pou ranplasman pon Denning Road sou East Branch Neversink River.
- **Rejyon Mohawk Valley (40.2 milyon dola)** - 4.35 milyon dola pou vil Maryland pou ranplasman pon Tannery Street sou Schenevus Creek.
- **Rejyon North Country (43.4 milyon dola)** - 5.796 milyon dola pou Konte St. Lawrence pou ranplasman pon Route 49 sou Pati Lès St. Regis River
- **Rejyon Southern Tier (58 milyon dola)** - 5.223 milyon dola pou Konte Steuben pou ranplasman pon Newcomb Road sou Canisteo Creek.
- **Rejyon Lwès New York (77.4 milyon dola)** - 4.697 milyon dola pou Vil Buffalo pou ranplasman pon Warren Spahn Way sou Cazenovia Creek.
- **Rejyon Long Island** - 910,000 dola pou vil Brookhaven pou ranplasman kanivo Barton Avenue ki transpòte kouran dlo Swan River.
- **Rejyon Vil New York (73.8 milyon dola)** - 18.5 milyon dola pou Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Vil New York pou ranplasman pon Belt Parkway sou Ocean Avenue ak Bedford Avenue.

Gade lis konplè [prim BRIDGE NY yo.](#)

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Gouvènè Hochul konprann ke konfwonte defi chanjman klimatik yo mande yon efò ekip epi anba lidèchip li Eta New York rete angaje nan travay ak patnè lokal nou yo pou amelyore sekirite piblik nan amelyore rezistans ak dirabilite enfrastrikti nou an. Finansman BRIDGE NY n ap anonse jodi a pral bay gouvènman lokal yo sipò finansye ki enpòtan anpil pou yo vin ranfòse pon ak kanivo yo kont menas evidan move tan epi ede kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi an mouvman."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Avèk ogmantasyon evènman metewolojik ekstrèm yo k ap vin pi komen, li enpòtan pou nou investi nan ranfòse enfrastrikti pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Finansman 484 milyon dola sa a pral pote amelyorasyon enpòtan nan sekirite, rezistans ak dirabilite pon ak kanivo atravè Eta New York. Mwen bat bravo pou investisman sa a epi mwen fyè pou m sipòte efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou ranfòse ak pwoteje enfrastrikti atravè Eta New York kont enpak chanjman klimatik yo."

Reprezantan Grace Meng te deklare, "Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a, ke mwen te vote pou yo adopte nan Kongrè a, ap fè investisman istorik nan amelyorasyon nan wout, pon, ak enfrastrikti dlo ki pral ede kreye yon avni ki an sekirite ak dirab pou jenerasyon k

ap vini yo. Finansman yo anonse jodi a se yon lòt blòk konstriksyon nan deseni enfrastrikti n ap fè eksperyans nan New York ak atravè peyi a. Antanke reprezantan Eta nou an nan Konsèy Lidèchip Rejyonal la – ki travay pou ankouraje ak aplike lejislasyon Prezidan Biden te siyen – mwen fyè pou m wè finansman federal sa a rive nan minisipalite yo, investi nan rezistans, epi ede kominote nou yo konbat efè chanjman klimatik yo."

Lidè Demokrat Chanm lan, Hakeem Jeffries, te deklare, "San Belt Parkway, plizyè dizèn milye Nouyòkè t ap pèdi kapasite yo pou vizite manm fanmi yo, patisipe nan ekonomi an ak jwenn aksè nan tout sa vil nou an gen pou ofri. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta a paske yo te bay 73.8 milyon dola pou rekonstwi pon ki te kraze yo sou Belt Parkway la epi pwoteje yo kont enpak chanjman klimatik yo nan lavni."

Senatè ETA Jeremy A. Cooney, Prezidan Soukomite Sena a sou Kanabis, te deklare, "Pandan plizyè ane nou tandè pale de yon bezwen san parèy pou investisman nan wout ak pon nou yo. Avèk anons jodi a, Gouvènè Hochul ap founi lajan istorik bay gouvènman lokal yo pou satisfè bezwen sa a. Plis pase 200 pwojè pon ak kanivo atravè Eta a pral ede kenbe wout nou an sekirite pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble William Magnarelli te deklare, "Investi nan pon ak kanivo nou yo ranfòse angajman Eta New York pou pwoteje ak amelyore enfrastrikti nou an nan tout eta a, sa k ap ranfòse devlopman ekonomik ak kalite lavi nou."

Prezidan Asosiyasyon Sirentandan Otowout Konte Eta New York la, Jeffrey Smith, te deklare, "Depi konsepsyon li, BRIDGE-NY te estimile anpil inisyativ depatman otowout konte a pou kenbe, repare ak ranfòse rezistans gwo sistèm pon ak kanivo nou yo. Gouvènman lokal yo responsab pou gwo majorite wout ak mwaye pon yo nan Eta a, kidonk investisman eta sa yo nan pon ak kanivo yo enpòtan anpil pou misyon nou pataje. Prim BRIDGE NY alè yo pèmèt konte yo adrese bezwen enfrastrikti kritik sa yo epi evite reta nan pwojè yo, ki gen ladan depans yo ak yon gwo ekonomi pou kontribiyab yo. NYSCHSA felisite Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Depatman Transpòtasyon a Marie Therese Dominguez pou patenarya pa yo ak gwo sipò yo nan finansman eta a pou pwogram wout ak pon lokal yo pou benefis ak sekirite piblik k ap vwayaje a."

Prezidan NYSAOTSOH, Greg Hallberg, te deklare, "New York State Association of Town Superintendents of Highways, Inc. (NYSAOTSOH), pi gwo asosiyasyon transpò Eta a, bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò Eta New York paske yo kontinye akselere faz BRIDGE-NY ane sa a. Li pral bay gouvènman lokal yo tout gwosè sipò atravè Eta a pou ede kenbe enfrastrikti transpò enpòtan yo. Wout lokal yo ak pon yo reprezante katrevansèt pousan wout Eta New York, ak plis pase mwaye pon li yo. Finansman sa a enpòtan anpil pou vyabilite ekonomik nou ak sekirite piblik k ap vwayaje a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)